

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif. Métoheu panalungtikanna métodeu kuasi ékspérimen. Desain ieu panalungtikan nyaéta *pre-test and post-test group*. Ieu desain teu ngagunakeun variabel kontrol jeung nangtukeun sampelna teu dipilih sacara acak. Dina ieu desain aya anu disebut *pre-test*, nyaéta kaayaan saméméh dibéré *perlakuan* jeung *post-test* kaayaan sanggeus dibéré *perlakuan*.

<i>PRE-TEST</i>	<i>PERLAKUAN</i>	<i>POST-TEST</i>
O1	X	O2

Bagan 3.1

Keterangan:

O1 = Tés anu dilaksanakeun saméméh *perlakuan* lumangsung

X = *Perlakuan* ngagunakeun métodeu *dramatic reading*

O2 = Tés anu dilaksanakeun sanggeus *perlakuan* lumangsung

(Arikunto, 2013, kc. 124)

3.2 Sumber Data

Arikunto (2013, kc. 172) nétélakeun yén sumber data mangrupa subjék ti mana data dimeunangkeun. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas X MIPA-1 SMA Negeri 7 Bandung taun ajaran 2015/2016 anu jumlahna 40 ngawengku 18 lalaki jeung 22 awéwé. Anu jadi data ieu panalungtikan nyaéta kamampuh maca carita pondok siswa.

Tabél 3.1
Daftar Nama Siswa Kelas X MIPA-1
SMA Negeri 7 Kota Bandung
Taun Ajaran 2015/2016

No.	Wasta	L/P
(1)	(2)	(3)
1	Adika Fitri	L
2	Adzky Fadla Naima	P
3	Agung Nahrul Hajj	L
4	Agustina Wulansari	P
5	Alyaa Anggraini Huwaidaa	P

6	Alysa Nurfitriani	P
(1)	(2)	(3)
7	Annatasya Destriana Putri	P
8	Annisa Fitriani Maulina	P
9	Arika Fadia Putri Kairuzan	P
10	Chesa Febrizky S	L
11	Dea Sri Mulyani	P
12	Depik Toni Yulianto	L
13	Faizal Gimnastiar Kusnaedi	L
14	Farhan Adyatma Suryadi	L
15	Fauzan Adima	L
16	Fikri Abadan Noor	L
17	Frida Fadilla	P
18	Ghea Ayu Syaquina	P
19	Kevinadya Adi Vivanda	L
20	Linda Adianti Rosalina	P
21	Lucky Nurramadhan Putra	L
22	Moehammad Aldy Shalihan	L
23	Muhammad Al Kindy	L
24	Muhammad Fadhlán Alvis Assidiq	L
25	Muhammad Jordan Krishna Alfariz	L
26	Nabilla Dezi Fitriana	P
27	Nadya Yuliyani	P
28	Najma Afifa Nurfara	P
29	Naomi Ayu Permata	P
30	Raden Radisa Difa Devina	P
31	Raigar Fachri Argiansyah	L
32	Raihan Azalia	P
33	Rajwa Komalaningtyas	P
34	Riefa Adzany	P
35	Robby Fajar Imani N	L
36	Safina Syaharani Hafez	P
37	Sahid Al Mawa	L
38	Salsabilla Meidita	P
39	Winelsya Elian Mega Lestari	P
40	Zulfiqri Siddik Masyhuri	L
Jumlah Lalaki		18 Urang Siswa
Jumlah Awéwé		22 Urang Siswa
Jumlah Total		40 Urang Siswa

3.3 Instrumén Panalungtikan

Sugiyono (2013, kc. 148) nétélakeun yén instrumén panalungtikan téh nyaéta hiji alat anu dipaké pikeun ngukur jeung niténan *fenomena* alam atawa sosial. Lian ti éta, instrumén panalungtikan ogé mangrupa alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan gampang diolah.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta lembar tés wangun objéktif *pilihan ganda*. Tés mangrupa saruntuyan *pertanyaan* atawa latihan anu dipaké pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh atawa bakat anu dipibanda ku pribadi atawa kelompok (Arikunto, 2013, kc. 193).

Tés dilakukeun pikeun ngumpulkeun data, nyaéta pikeun ngukur kamampuh siswa dina maham eusi téks. Tés anu dilaksanakeun nyaéta *pre-test* jeung *post-test*. Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta dina wangun soal-soal objéktif tinulis anu ngawengku tés *pilihan ganda*. Soal-soal tés jumlahna 20 soal. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap dipedar kisi-kisi jeung lembar tés *pre-test* jeung *post-test*.

3.3.1 Instrumén Tés

Kisi-kisi ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun méré watesan ngeunaan instrumén anu bakal dibikeun ka siswa. Kisi-kisina saperti ieu di handap.

Tabél 3.2
Kisi-kisi Instrumén Tés Kamampuh Maca Carita Pondok
Pre-test jeung *Post-test*

No.	Unsur Instrinsik Carita Pondok	Kognitif			Jumlah Soal
		C1	C2	C3	
1	Téma		1		1
2	Palaku	3, 4	2, 5, 6		5
3	Latar	9, 10, 11	7, 8, 12		6
4	Amanat		15		1
5	Galur		13		1
6	Gaya Basa			16,17,18,19,20	5
7	Puseur Panitén		14		1
Jumlah		5	10	5	20

Keterangan:

C1 = Nginget

C3 = Ngaanalisis

C2 = Maham

Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta dina wangun soal-soal objéktif tinulis anu ngawengku tés *pilihan ganda*.

1. Téma carita pondok anu dibaca nyaéta...
 - a. Sosial
 - b. Tatakruma
 - c. Atikan
 - d. Kaagamaan
2. Anu jadi palaku utama dina éta carita pondok nyaéta...
 - a. Atang
 - b. Aa
 - c. Enin
 - d. Ibu-ibu
3. Jumlah palaku dina éta carita pondok nyaéta...
 - a. 3
 - b. 4
 - c. 5
 - d. 6
4. Ieu di handap mangrupa watek Atang anu digambarkeun dina ieu carita pondok, iwal ti...
 - a. Soléh lantaran nyaah ka indungna
 - b. Bageur lantaran sok nanya ka panumpang
 - c. Taya kasieun lantaran ngudag setoran
 - d. Soméah lantaran sopan ka panumpang
5. Ieu di handap mangrupa watek Aa anu digambarkeun dina ieu carita pondok, iwal ti...
 - a. Taya kasieun
 - b. Éraan
 - c. Capétang
 - d. Pundungan
6. Atang ngeureunkeun angkotna antaré pisan di hareupeun nu narangtung tiluan téh. Sup arasup tiluanana. Nu awéwé tengah tuwuh mah diukna gigireun *kuring*. Nu duaan deui di tukang. Kecap *kuring* di luhur nyaéta...
 - a. Atang
 - b. Enin
 - c. Aa
 - d. Ibu-ibu
7. Naon nu ngalantarankeun panumpang dina angkot ngarasa kagagas haténa?
 - a. Sabab ningali Atang nyuuh dina lahunan indungna dina handapeun tangkal kihujan
 - b. Sabab Atang mah teu diudag-udag setoran angkotna
 - c. Sabab kaasupan bungaok
 - d. Sabab Atang mah sologoto ngajalanken angkotna, teu aya pisan karingrang
8. Di mana éta carita lumangsungna?
 - a. Di péngkolan
 - b. Di angkot
 - c. Di parapatan Pa Haji
 - d. Di lembur
9. Tempat indungna Atang nungguan Atang unggal dua minggu sakali, nyaéta...
 - a. Di masjid
 - b. Di angkot
 - c. Di péngkolan katilu
 - d. Di handapeun tangkal kihujan

10. Di mana anu disebut péngkolan atang téh?
- Di péngkolan kahiji
 - Di péngkolan kadua
 - Di péngkolan katilu
 - Di handapeun tangkal
11. Naha beut disebut péngkolan Atang?
- Sabab di palebah péngkolan éta aya plang Atang
 - Sabab di palebah péngkolan éta, Atang sok nepangan indungna anu unggal saminggu dua kali nungguan manéhna
 - Sabab di palebah péngkolan éta mah penumpang geus kabiasaan ngagorowok péngkolan Atang
 - Sabab di palebah péngkolan éta Atang sok réa naékeun panumpang
12. *Réngkak-paripolahna supir angkot nu ngaran Atang tadi, matak reugreug kana haté, Alhamdulillah. Geuning eusi dunya téh pinuh kénéh ku barudak nu saroléh.*
- Latar suasana dina sempalan di luhur nya éta...
- Sedih
 - Bagja
 - Kuciwa
 - Gumbira
13. Galur carita tina carita pondok anu dibaca nyaéta...
- Maju
 - Mundur
 - Maju mundur
 - Flashback
14. Sudut pandang palaku kuring dina éta carpon kaasup kana...
- Jalma kahiji
 - Jalma kadua
 - Jalma katilu
 - Jalma katilu palaku utama
15. Amanat tina carita pondok anu geus dibaca nya éta, iwal...
- Urang kudu nyaah ka indung
 - Kudu inget yén Gusti Alloh Nu Maha Ningali
 - Kudu hirup jiga batur
 - Tawakal dina nyanghareupan kaayaan
16. *Pitulung gusti. Angkot nu diiluan ku kuring mah rada béda ti nu séjén. Supirna can kolot-kolot teuing. Nyetiranana antaré teu gurung-gusuh, dipiheulaan ku sababaraha angkot teu aya pangaruhna. Ajeg wé di jalan sorangan. Kabeneran diuk téh gigireunnana ngayunkeun kahayang incu.*
- Kecap antaré hartina...
- Teu rusuhan
 - Rusuh
 - Teu ati-ati
 - Buru-buru
17. *Ngahaja diantep sina ngawangkong jeung supir angkot. Sina diajar ngala luang di luareun indung-bapana. Di luareun sakolana. Tapi si Aa jadi cicing bangun aya nu dipikir.*
- Kecap ngala luang hartina...
- Neangan duit
 - Neangan baturan
 - Neangan élmu
 - Neangan kadaharan

Tabél 3.3
Hasil Perhitungan Uji Validitas

No.	Koéfisién Korélasi	Kritéria
1	0.46	Valid
2	0.36	Valid
3	0.34	Valid
4	0.39	Valid
5	0.41	Valid
6	0.45	Valid
7	0.44	Valid
8	0.37	Valid
9	0.42	Valid
10	0.32	Valid
11	0.35	Valid
12	0.50	Valid
13	0.65	Valid
14	0.62	Valid
15	0.47	Valid
16	0.68	Valid
17	0.49	Valid
18	0.66	Valid
19	0.52	Valid
20	0.55	Valid

Ayana sarat minimum pikeun dianggap nyumponan sarat validitas nyaéta $r = 0.3$, saupama $r < 0.3$ hartina instrumén teu valid, kudu dipiceun atawa diganti. Saupama $r > 0.3$ hartina instrumén valid, bisa dipaké.

3.3.3 Uji Réliabilitas

Réliabilitas nyaéta tolak ukur hiji instrumén anu digunakeun salaku alat ngumpulkeun data naha éta instrumén geus ajeg atawa bisa dipercaya. Téhnik anu dipaké ngagunakeun rumus K-R 20, nyaéta:

$$r_{11} = \left(\frac{k}{k-1} \right) \left(\frac{v_t - \sum pq}{v_t} \right)$$

Keterangan:

r_{11} = Réliabilitas instrumén

k = Lobana soal

v_t = Jumlah varian

p = Proporsi subjék anu ngajawab bener dina hiji soal

$$p = \frac{\text{Lobana subjék anu skorna 1}}{N}$$

$$q = \frac{\text{Proporsi subjék anu meunang skor 0}}{(q = 1 - p)}$$

Hasil koéfisién sagemblengna $r_{11} = 0.92$. Pikeun mikanyaho instrumén anu dipaké téh réliabel atawa henteu nyaéta saupama koéfisién réliabilitas > 0.60 hartina instrumén réliabel. Saupama koéfisién réliabilitas < 0.60 hartina instrumén teu réliabel. Hartina ieu instrumén téh réliabel, koéfisién réliabilitasna > 0.60 .

Ku kituna, dumasar kana uji validitas jeung réliabilitas di luhur, instrumén soal anu digunakeun geus nyumponan kritéria valid jeung réliabel. Ieu instrumén bisa digunakeun pikeun alat ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan.

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan. Pamarekan ieu panalungtikan nyaéta desain kuantitatif kalawan ngagunakeun métodeu kuasi ékspérimén. Desain anu anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *pre-test and post-test group*. Prosedur panalungtikan baris ditétélakeun ieu di handap.

1) Tatahar

Dina tahap tatahar panalungtik ngayakeun survéy ka sakola anu baris dilaksanakeun panalungtikan nyaéta SMA Negeri 7 Bandung ngeunaan masalah naon anu karandapan ku siswa dina pangajaran basa Sunda. Panalungtik ngarancang léngkah-léngkah nu baris dilaksanakeun dina panalungtikan pikeun ngungkulan masalah anu aya nyaéta ngagunakeun métodeu *dramatic reading* pikeun ngaréngsékeun masalah dina pangajaran maca carita pondok.

Anu jadi variabel dina ieu panalungtikan aya dua, nyaéta variabel bébas mangrupa variabel anu dipangaruhan ku variabel lianna, dina ieu panalungtikan nyaéta métodeu *dramatic reading* anu mangaruhan. Sedengkeun variabel kauger mangrupa variabel anu dipangaruhan ku variabel bébas, dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh siswa kelas X MIPA-1 SMA Negeri 7 Bandung dina maca carita pondok.

2) Ngalaksanakeun Panalungtikan jeung Ngumpulkeun Data

Sakumaha masalah anu kapanggih dina pangajaran maca, pikeun ngumpulkeun data panalungtik ngalaksanakeun panalungtikan ka kelas. Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés anu dilaksanakeun dua kali nyaéta *pre-test* anu dilaksanakeun saméméh dibéré *perlakuan* anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh maca carita pondok siswa saméméh ngagunakeun métodeu *dramatic reading*. Tés kadua nyaéta *post-test* anu dilaksanakeun sanggeus dibéré *perlakuan* anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh maca carita pondok siswa sanggeus ngagunakeun métodeu *dramatic reading*.

Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina téhnik ngumpulkeun data nyaéta ieu di handap.

- a. Siswa dikondisikeun di kelas jeung guru ngayakeun apersépsi
- b. Siswa maca hiji carita pondok anu judulna “Di Péngkolan Katilu” kalawan taliti
- c. Siswa ngerjakeun *pre-test*
- d. Siswa dibéré motivasi ku guru sangkan sumanget diajar
- e. Siswa meunang penjelasan ti guru ngeunaan indikator hasil pangajaran
- f. Siswa ngaregepkeun matéri ngeunaan carita pondok anu ditepikeun ku guru
- g. Siswa meunang penjelasan ti guru ngeunaan tahap-tahap pangajaran maca carita pondok ngagunakeun métodeu *dramatic reading* nu ngawengku: tahap maca di jero haté kalayan daria jeung maca bedas bari dibarengan ku paripolah atawa aksi, pasemon atawa mimik, jeung intonasi nu merenah. Siswa ngaregepkeun sangkan bisa nyangkem ieu pangajaran
- h. Siswa dibagi kelompok saluyu jeung tokoh nu aya dina carita pondok
- i. Siswa maca hiji carita pondok anu judulna “Di Péngkolan Katilu” kalawan daria (tahap hiji *dramatic reading*), instrumén pengamatan disiapkeun guru
- j. Unggal kelompok maca kalayan bedas carita pondokna (tahap dua *dramatic reading*)
- k. Siswa jeung guru nyimpulkeun hasil pangajaran
- l. Siswa ngalaksanakeun tés ahir (*post-test*) kalawan saregep.

Ku ayana ieu panalungtikan bisa katitén bédana kamampuh maca siswa tina data *pre-test* jeung *post-test*.


3) Ngaanalisis Data

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan geus tangtu aya data *pre-test* jeung *post-test*, kukituna panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik.

4) Kacindekan

Sanggeus dilaksanakeun sakabéh prosedur panalungtikan anu ngawengku tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, panalungtik nyieun kacindekan tina sakabéh prosés anu geus dilaksanakeun salila panalungtikan.

Prosedur ieu panalungtikan dijéntrékeun dina bagan di handap.



Bagan 3.2
Prosedur Panalungtikan

3.5 Analisis Data

3.5.1 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data digunakeun pikeun maluruh jawaban tina pasualan anu kapanggih dina panalungtikan. Ngolah data miboga tujuan pikeun mikanyaho hasil *pre-test* jeung *post-test* kukituna bakal kapaluruh bédana antara hasil *pre-test* jeung hasil *post-test* sarta pikeun ngajawab masalah-masalah anu karandapan salila panalungtikan.

Ngolah data tés dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Mariksa hasil *pre-test* jeung *post-test*
- 2) Méré peunteun hasil *pre-test* jeung *post-test*, ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\text{Skor Siswa}}{\text{Skor Maksimal}} \times 100\%$$

Keterangan:

P = Peunteun
 Skor Siswa = Peunteun siswa
 Skor Maksimal = Peunteun maksimal

- 3) Skor ahir siswa diasupkeun kana tabél di handap.

Tabél 3.4
Skor Hasil Peunteun Siswa

No.	Wasta	C1	C2	C3	Σ	P	%	Katégori
Σ								
$\bar{X}$								

Keterangan:

C1 = Nginget
 C2 = Maham
 C3 = Ngaanalisis
 Σ = Jumlah Skor
 $\bar{X}$ = Rata-rata
 P = Peunteun

Katégori Peunteun

Peunteun ≥ 75 dianggap mampuh

Peunteun < 75 dianggap can mampuh

3.5.2 Uji Sipat Data

Uji sipat data dina ieu panalungtikan ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas. Anu kahiji nyaéta uji normalitas, dilaksanakeun pikeun nangtukeun distribusi data, naha normal atawa henteu. Pikeun nangtukeun signifikansi béda peunteun rata-rata, dilaksanakeun dua jenis analisis. Kahiji, uji sipat data. Data anu boga distribusi normal diolah ku cara analisis paraméntrik kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon*. Anu kadua, uji homogénitas variasi anu tujuanana pikeun nangtukeun homogénitas data peunteun siswa.

2.5.2.1 Uji Normalitas

Uji normalitas ditujukeun pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh mibanda distribusi anu normal. Salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata, pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sipat anu normal atawa henteu, bisa ngagunakeun rumus chi kuadrat (χ^2).

Saméméh ngagunakeun chi kuadrat, dilakukeun heula léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Nangtukeun peunteun panggedéna jeung pangleutikna
- 2) Ngitung rentang (r) ngagunakeun rumus di handap.

$$r = \text{Peunteun panggedéna} - \text{Peunteun pangleutikna}$$

- 3) Nangtukeun jumlah kelas interval, kalawan rumus:

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

Keterangan :

k = Lobana kelas

n = Lobana data (frékuénsi)

3,3 = Bilangan konstan

(Sugiyono, 2013, kc. 35)

- 4) Nangtukeun panjang kelas interval

$$P = \frac{r}{k}$$

Keterangan :

P = Panjang kelas (interval kelas)

r = Rentang (jangkauan)

k = Lobana kelas

(Sugiyono, 2013, kc. 37)

- 5) Nyieun tabél frékuénsi peunteun tés awal (*pre-test*) jeung tés ahir (*post-test*) kalawan ngagunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.5
Format Frékuénsi Peunteun *Pre-test* jeung *Post-test*

No.	Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
Σ						
$\bar{X}$						

(Sugiyono, 2013, kc. 54)

- 6) Ngitung rata-rata tés awal (*pre-test*) jeung tés ahir (*post-test*) kalawan rumus:

$$\bar{x} = \frac{\sum f_i \cdot x_i}{\sum f_i}$$

Keterangan:

$\bar{x}$ = Rata-rata (mean)

Σ = Jumlah (sigma)

f_i = Jumlah data

x_i = Peunteun tengah

(Sugiyono, 2013, kc. 54)

- 7) Néangan standar déviiasi, ngagunakeun rumus:

$$Sd = \sqrt{\frac{N \cdot \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

Keterangan:

Sd = Standar déviiasi

$\sum f_i x_i^2$ = Jumlah frékuénsi peunteun

$(\sum f_i x_i)^2$ = Jumlah frékuénsi peunteun X kuadrat

N = Jumlah subjék panalungtikan

(Sugiyono, 2013, kc. 58)

- 8) Ngitung frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspéktasi. Carana nyaéta:

- a. nyieun tabél frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspéktasi

Tabél 3.6
Format Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspétasi

Interval	O_i	Bk	Z_{itung}	$Z_{tabél}$	L	E_i	$\frac{(O_i E_i)^2}{E_i}$

Keterangan:

O_i = Frékuénsi Obsérvasi

Bk = Batas kelas

Z_{itung} = Transfortasi normal standar bébas kelas

$Z_{tabél}$ = Peunteun Z tina tabél distribusi data normal

L = Lega kelas interval

E_1 = Frékuénsi ékspéktasi

b. nangtukeun O_i (frékuénsi observasi), nyaéta lobana data anu kaasup kana hiji kelas interval

c. nangtukeun batas kelas interval (Bk)

d. ngitung Z_{itung} (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{sd}$$

e. nangtukeun $Z_{tabél}$

f. nangtukeun lega kelas interval (L)

$$L = Z_{tabél\ terbesar} - Z_{tabél\ terkecil}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 80)

g. ngitung frékuénsi ékspétasi, ku cara:

$$E_i = n \times L$$

(Sugiyono, 2013, kc. 81)

h. nangtukeun chi kuadrat (X^2) anu rumusna:

$$X^2 = \sum \frac{(O_i E_i)^2}{E_i}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 81)

i. nangtukeun derajat kabébasan (dk)

$$dk = k - 3$$

(Sugiyono, 2013, kc. 82)

j. nangtukeun harga chi kuadrat $X^2_{tabél}$

k. nangtukeun normalitas ngagunakeun kritéria ieu di handap.

Lamun $X^2_{itung} < X^2_{tabél}$ hartina distribusi data normal

Lamun $X^2_{itung} \geq X^2_{tabél}$ hartina distribusi data teu normal

Sabada dilaksanakeun uji normalitas, sarta data anu dihasilkeunnana normal, hal anu kudu dilaksanakeun satuluyna nyaéta uji homogénitas varian anu fungsina pikeun nangtukeun uji paramétrik nu luyu.

2.5.2.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas dilaksanakeun pikeun mikanyaho homogén atawa henteuna variasi sampel dina populasi anu sarua, pikeun nangtukeun homogén henteuna nyaéta ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Nangtukeun variasi masing-masing kelompok kalawan ngagunakeun rumus:

- a. variasi tés awal (*pre-test*)

$$S_1 = \frac{n \cdot \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

- b. variasi tés ahir (*post-test*)

$$S_2 = \frac{n \cdot \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 57)

- 2) Ngitung harga variasi (*F*)

$$F = \frac{\text{variasi anu leuwih gede}}{\text{variasi anu leuwih leutik}}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 140)

- 3) Ngitung derajat kabébasan

$$dk = n - 1$$

(Sugiyono, 2013, kc. 140)

- 4) Nangtukeun harga $F_{\text{tabél}}$

- 5) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria ieu di handap.

$F_{itung} < F_{tabél}$ hartina variasi sampel homogén

$F_{itung} > F_{tabél}$ hartina variasi sampel teu homogén

3.5.3 Uji Gain

Uji gain miboga tujuan pikeun nangtukeun béda antara hasil *pre-test* jeung *post-test*. Hasil tina uji gain bisa méré gambaran ngeunaan pangaruh

dilarapkeunna métodeu *dramatic reading* dina maca carita pondok ka siswa kelas X MIPA-1 SMA Negeri 7 Bandung Taun Ajaran 2015/2016.

Tabél 3.7
Uji Gain Siswa

No.	Nama Siswa	Pre-test	Post-test	d	d ²
$\bar{x}$					

Rumusan pikeun ngajawab yén aya béda anu signifikan atawa henteu sanggeus dibéré *perlakuan*, dirumuskeun ieu di handap.

$H_a : X_{Pre-test} \neq X_{Post-test}$ hartina kamampuh siswa ngaronjat antara *pre-test* jeung *post-test*.

$H_0 : X_{Pre-test} = X_{Post-test}$ hartina kamampuh siswa teu ngaronjat antara *pre-test* jeung *post-test*.

3.5.4 Uji Hipotésis

Uji Hipotésis (t) bisa ngaliwatan sababaraha tahapan ieu di handap.

- 1) Ngitung rata-rata (*mean*) tina béda antara peunteun *pre-test* jeung *post-test*.

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

- 2) Ngitung derajat kebébasan (*dk*).

$$dk = n - 1$$

- 3) Ngitung jumlah kuadrat déviiasi.

$$\sum X^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

(Arikunto, 2013, kc. 351)

- 4) Ngitung t.

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Keterangan:

t = Tés signifikasi

Md = Rata-rata (*mean*) tina bédana antara peunteun *pre-test* jeung *post-test*

Σx^2d = Jumlah kuadrat déviiasi téhnik

(Arikunto, 2013, kc. 349)

5) Ditarima henteuna hipotésis kana kritéria ieu di handap.

Lamun $t_{itung} > t_{tabél}$ hartina hipotésis ditarima. Jadi, métodeu *dramatic reading* signifikan pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca carita pondok siswa kelas X MIPA-1 SMA Negeri 7 Bandung Taun Ajaran 2015/2016.

Lamun $t_{itung} < t_{tabél}$ hartina hipotésis ditolak. Jadi, métodeu *dramatic reading* teu signifikan pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca carita pondok siswa kelas X MIPA-1 SMA Negeri 7 Bandung Taun Ajaran 2015/2016.